ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА
БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА
№ 85 (10157) | 18 декабрь | Рузман | 2020 сон

# ИРГАДУЛАБ ДАНДЕЛЪИЯЛДА

Араб анкьалъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана иргадулаб совещание.

Данделъи бачана районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас.

Гьенир рорхана сахлъи цIуниялда, кванил нигIматазул багъаби рорхиялда, рацIцIаракъалъиялда, нухазда гьарулел хIалтIабазда хурхун суалал.

-Жакъа къоялда циндаго рорхарал багъабаз кIудияб кьаби щвезабуна халкъалъул буголъиялде. КинабгIаги гIахьаллъиги гьабичIого руцIухIун чIун рукIана администрациялъул аппаратги. Гьебги буго нилъер намусалда -ян бадибчIвай гьабуна районалъул бетIерас.



Коронавирусалъул гьужумалъ халкъалъул сахлъиялде щвезабулеб кьабиялъул ва жакъа къоялда жаниб районалда гьелъул бугеб гучалъул: чан чи къадаралде щварав, чан чи тахшагьаралде витIизе ккарав, кигIан чи гьеб балагьаб унтуца асирлъуде восун вугев, сияхI рекъезабун хIисаб кьуна централияб больницаялъул бетIерав врач МухIамад Запировас.

Бугониги районалда чIарахьараб хIал цIунун хутIун бугин ва амма лъималазулаб пневмониялъул унтул сезон байбихьун бугелъул цIодорлъиги гьабизе кколинги абуна гьес. Ясли-ахал къазе предложениеги кьуна.

Районалъул бетIерасги тIадкъана халкъалъул сахлъиялда хадуб кьварараб хьаравулллъи букIинабеян.

АО«БотлихскоеРЭП№7»-алъул генералияв директор АхIмад Асламхановас бицана Зило росулъа КIижанибе бугеб 5-8 км нухлул хIалтIабазул гьабураб хал-шалалъул.

Р. ХIамзатовас лъазабуна хIалтIи рагIалде бахъинегIан гьеб нух букIине кколин кьучIаб хал кквеялда гьоркь. Гьединго 2021 соналъ гьабизе хIисабалде босун бугеб ГIанди-Гьагьалъ машинадул нухалдаги хадуб халкквейян тIадеги жубана районалъул бетIерас.

Районалъул сурат рищникъулалдаса бацIцIад гьабиялда тIадчIей кинаб даражаялда бугебали; чан хIужжа судалде битIун, чамасе бичIчIи кьураб, чам гIадлуялде вачарав, гьелъул баян кьуна экологическияб надзоралъул ведущий специалист Лабазан МухIамадовасги.

**З. МухIамадова**

# 18 декабрь-ЗАГСалъул хIалтIухъанасул къо

**Дир мурад ригьнал гьариги, гьел тасдикъ гьариги, гьел рихичIого, рохалида гIумру цадахъ тIамиги.**

**ШугIайнат ГIумарова**
**ЗАГСалъул заведующая**

БитIахъего бащдаб лъагIел батила редакциялъул мина цебе ЗАГСалъул отдел букIараб бакIалде бахъаралдаса. ТIоцебесеб къоялдасаго лъана нижер хIалтIухъабазда чан чияс хъулухъалъулаб сапар гьеб идараялде бухьулебали. ХIакъикъаталдаги хIалтIул хIалуцин цIикIкIараб, жавабияб хъулухъ букIун буго гьеб.

Квешаб ишищ лъикIаб жойищ дица гьабураб лъаларо, бугониги бицинин. Цо къоялъ редакциялъул нуцIа къирана 22-25 соназул ригьалда рахарал рос-лъадуца. ВачIинахъего,-паспорт бугони гIолищ? абун цIехана бихьинчияс.

Кидаго «справочный бюроялда» хIалтIизе бегьарай дун жакъа ЗАГСалдаги бегьизе ятилин ккараб хIисаб буго.

-Нужер мурад кинаб?-абун цIехана дица гIадат хIисабалда, ЗАГСалъул мина бахъун буго ОНОялъул минаялде. Гьеб буго централда бугеб столоваялда дандбитIун абураб калимаги къулчIун.

ЗАГС биххизе бокьун бугин загьир гьабуна гIолохъанчияс. Балагьана лъадул бадие, хIалицаго къулчIун бугоан гьелъ магIу.

-Балагье вац!-ян абуна циндаго ЗАГСалъул нухмалъулейлъунги, росдал дибирлъунги, руччабазул дагIваталъул цехъанлъунги, ригьнал цIунизе тIадкъарай къадилъунги дунгоги йихьун. ГьабсагIаталда жаниб коронавирусалъул эпидемиялда хурхун улкаялдаго карантинги лъазабун букIиналъ декабрь рагIалде щвезегIан гьединал процессал гьаризе нижее гьукъун буго улкаялъул бетIер В.В. Путинил Указалда рекъон. Нуж цодагьалги ургъе, умумузул аби буго «АнкьцIул борце, цин къотIе» абураб, жибго талакалъул ишги буго хIалал гьабуралда гьоркьоса Аллагьасе бищунго бокьулареб нух. Гьелде тIадеги цо ячаралда цо багьана, кIиабизе ячаралда кIигоян абун буго хIалбихьи щварал бихьиназ, гьединлъидал гIакълудул бетIергьанлъун Аллагьас бихьинчи вижун вугелъул мунги цоги нухалъ ургъе.

«Цевесевго месед вукIун вугин. ГьитIинаб хIехьечIей дица кIудияб хIехьезе ккезехьин бугин» абун буго кIиабилеб хьизам биххизабизе нечарал руччабацаги, гьединлъидал сабру гьабуни мунги бергьина-ян дидаго гьечIеб гIакълу гьезиеги кьун дица рос-лъади нухда лъуна.

Баркула ЗАГСалъул хIалтIухъабазда жакъасеб махщалилаб байрам.

Нужер идараялъул бугеб хIажалъи кьойилго бихьула редакциялда хIалтIулезда.

ГьитIинав кIудияв батIалъи гьечIо

Унго, гьезие нуж хIажат ругеб куц.

ВачIанщинав гьобол-«ЗАГС» бугищ абун

Къиранщинаб нуцIа-ШугIайнатихъе.

**З. МухIамадова**

# Гьазул гьурмаздаса гьими камугеги



Лъимал-гIумрудул тIугьдул. Гьезул тIалаб гьаби- нилъер тIадаб налъи.

ГIажизал лъималазейин абуни цо дагьабги цIикIкIун къваригIуна чIахIиязул бербалагьиги, рокьиги, тIалаб-агъазги.

Дагьал церегIан къояз «Инсан» фондалъ тIобитIана гьединал гIажизал лъималазе ракIгьеялъе тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, районалъул имам АхIмад Къурбановас, гIелмияб лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев ГIабдула Герейхановас, «Инсан» фондалъул нухмалъулев ГIамир Салмановас ва гь.ц.

Гьадинал лъималазе тарбиялъай кьей гIемериселъ хутIула улбузда тIад. Гьал лъимал ккола бищунго ракI лъикIал, тамахал, хIеренал. Нилъер рохелги чIухIиги руго гьел. Гьале жакъаги гьез жидерго берцинаб гьимидул кунчIи кьолеб буго нилъееги. Нилъер киназулго аслияб масъалалъунги букIине ккола гьезул гьурмадаса рохалилаб гьими камизе тунгутIи. Гьарула нужее киназего сабруги, сахлъиги, лъугIунареб рохелги- ян абуна районалъул бетIер Р.ХIамзатовас.

Тадбир ана рохалилаб ахIвал-хIалалда : ахIулел рукIана нашидал, кванил нигIматаз цIун рукIана столал, залалда роржунел рукIана кьер-кьерал шарикал.

Ахиралда киналго лъималазе сайгъаталги кьуна. Улбуз «Инсан» фондалъул хIалтIухъабазе жидерго баркалаги загьир гьабуна.

**З. КъурамухIамадова**

# Отрядалъулгун къо-мех лъикI гьабуна

Гьале анцIго соналъ Кьохъ КППялда хъулухъ тIубалеб буго Марий Эл республикаялъул МВД-ялъул отрядалъ. Гьезул хIалтIи цIакъ хIинкъараб ва жавабчилъи цIикIкIараб буго: къойилго нилъерги сверухъ ругел районаздеги унел-рачIунел машинабазулги гIадамазулги хал гьаби.

Цояб отрядалъул хъулухъ гьабиялъул заман лъугIарабго, гьеб хисун цогидаб бачIуна.

Гьедин, гьал къоязда иргадулаб отряд нухарегIи букIана «Кьохъ» КППялда..

Кьерда рахъун чIарал полициялъул отрядалъул гIолилазе баркала кьезе ва къо-мех лъикI гьабизе гьаниве вачIана районалъул бетIер Руслан ХIамзатовги.

-ТIоцебесеб иргаялда дие бокьун буго ракIбацIцIадго тIубараб хъулухъалъухъ нужер щивасе баркала кьезе. Гьаб нухдаса хьвадулел нижер районалъул ва мадугьалихъ ругел районазул гIадамал, нужедаса цIакъ рази рукIунаан. Узухъда, кколеб букIун батила къваригIел гьечIеб кIалъайги. Гьелдаса нуж тIаса лъугьун рукIа. Нуж руго нижер гьалбал, магIарухъ гьобол цIакъ кIодо гьавула. Дир божилъи буго, гьаб нилъер ахирисеб дандчIвай гьечIеблъиялда. Чанги, гьанир хъулухъ тIубалел рукIарал, кIиабизе-лъабабизе тIадруссун рачIуна.

КватIичIого нуж щвела нужехъ урхъун ругел хъизан-лъималазда, эбел-инсуда аскIоре. ЗахIматаб жо буго хириял гIадамал рикIкIада рукIин. Дие бокьун буго нужер гIагарлъиялъеги кIудияб баркала кьезе гьезул сабруялъухъ. Нужее бокьараб мехалъ хъизан-гIагарлъи бачун рачIа нижехъе гьоболлъухъ. Щаклъи гьечIо, гьезиеги цIакъ бокьила гьаниб бугеб гьава-бакъги, берцинаб тIабигIатги. Нижер рахъалдаса нужее хIурмат-хъатир абадияб буго.



Киназего кьеги сахлъи, рохел, захIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб хъулухъ ракIбацIцIадго тIубазе къуват. Баркала нужее, нух битIаги.

Гьелдаса хадуб хъулухъ тIубалаго тIокIлъи бихьизабуразе районалъул бетIерас кьуна хIурматалъулал тIамчал

**Мадина МухIамадова**

## БУРТИНА ГЬАБИЯЛЪУЛ МАСТЕР-КЛАСС

***Араб анкьалъ культураялъул рокъоб тIобитIана ГIандадерил буртина гьабиялъул мастер-класс.***

***Шамсият ПатахIовалъ гIатIидаб баян кьуна гьеб ишалъулъ магIарул чIужугIаданалъ лъолеб лъалкIалъул хIакъалъулъ.***

***Буртина гьаби- гьеб буго захIматаб иш.***

***МугIрузул чIужугIаданалъ хIеренаб гIиял квас бакъукьги цIадукьги батулеб къолденлъун гьабуна жидерго бихьиназе. Балагьаразда цебе рагьун лъуна буртина гьабиялъул тадбир: кинаб букIине ккколеб квас, кин гьеб тIаса бищилеб, белъинеб, кинан гьелъул унго-унгояб "Гъажазда лъолеб рукъ" гьабилеб.***





# РЕШЕНИЕ № 10

*заседания Собрания депутатов «сельского поселения «село Тлох»*
*от 15.12.2020г. с. Тлох*
*Об избрании главы сельского поселения «село Тлох»*

***В соответствии с частью 2 статьи 36 Федерального закона от 06.10.2003 года № 131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», частью 2 статьи 5 Закона Республики Дагестан от 08.12.2015 г. №117 «О некоторых вопросах организации местного самоуправления в Республике Дагестан», частью 2 статьи 30 Устава сельского поселения «село Тлох» и по результатам открытого голосования, Собрание депутатов сельского поселения «село Тлох» решает:***

***1. Считать избранным на должность главы сельского поселения «село Тлох» Ибрагимова Магомедсайгита Исаевича.***
***2. Настоящее решение вступает в силу со дня принятия.***
***3. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Гъудуллъи- Дружба» и разместить на официальном сайте администрации сельского поселения «село Тлох» в сети «Интернет».***

**Председатель Собрания депутатов**
**А.А. Магомедов**

# ОСТОРОЖНО МОШЕННИКИ!

Министерство внутренних дел по Республике Дагестан крайне беспокоит интенсивный рост преступлений совершенных с использованием банковских карт, средств мобильной связи и информационно-телекоммуникационной сети Интернет.

В организации преступлений – мошенничеств с использованием мобильных средств связи участвуют несколько преступников и очень часто в такие группы входят лица, отбывающие наказание в учреждениях ФСИН России. Зачастую уголовные дела данной категории приостанавливаются в связи с не установлением лица, подлежащего привлечению в качестве обвиняемого, причиненный ущерб потерпевшим остается невозмещенным.

Проведенный анализ уголовных дел, расследуемых по данной категории преступлений показывает, что в 2018-2020 г.г. широкую популярность получил следующие способы совершения хищения денежных средств:

- Неустановленное лицо совершает звонок на мобильный телефон гражданина, и представляясь сотрудником ПАО «Сбербанк» сообщает, что на его банковском счету накопились бонусные баллы за активное пользование банковской картой, которые можно перевести в денежный эквивалент. Для проведения данной операции мошенники просят назвать полные данные банковской карты, в том числе CVC-код (на оборотной стороне трехзначный



код) и коды, поступившие в смс-сообщениях с сервисного номера 900, с помощью которых мошенники совершают вход в Онлайн-банк клиента и похищают денежные средства со счета.

Уважаемые граждане запомните!!! сотрудник банка никогда не будет просить вас назвать номер банковской карты и коды, поступившие в смс-сообщения, данные сведения не требуются для проведения какой-либо проверки реальному сотруднику банка. О том, что данная информация является конфиденциальной и ее нельзя сообщать третьим лица указано в соответствующих смс-сообщениях сервисного номера.

- Аналогичные случаи рассылки смс-сообщений, содержащих информацию о том, что банковская карта абонента заблокирована в силу ряда причин. Иногда подобные сообщения содержат призыв перевести деньги для разблокировки карты, иногда абонента просят позвонить или отправить смс на короткий номер.

Необходимо помнить о том, что единственная организация, которая сможет проинформировать вас о состоянии вашей карты - это банк, обслуживающий ее. Если у вас есть подозрения о том, что с вашей картой что - то не в порядке, если вы получили смс-уведомление о ее блокировке, немедленно обратитесь в банк либо ближайший филиал банка. Телефон клиентской службы банка обычно указан на обороте карты. Не звоните и не отправляйте сообщения на номера, указанные в смс-уведомлении, за это может взиматься дополнительная плата.

Основными причинами получения статуса жертвы мошенничества, совершенной с использованием банковских карт, средств мобильной связи и информационно-телекоммуникационной сети Интернет является прежде всего неосведомленность, граждан о возможных рисках при использовании сети «Интернет» и «Мобильной связи». Что бы не стать жертвой мошенников,

## ПРОЯВЛЯЙТЕ ОСТОРОЖНОСТЬ ПРИ НИЖЕ ПЕРЕЧИСЛЕННЫХ ВОЗМОЖНЫХ СИТУАЦИЯХ:

- Если вы получили СМС сообщения с текстом «Ваша банковская карта заблокирована. Срочно перезвоните по №…», то ни в коем случае не перезванивайте по указанному в сообщении номеру телефона. Помните, один банк не осуществляет подобные рассылки СМС в т.ч. с указанием номера телефона для связи. Номер контактного центра банка указан на оборотной стороне Вашей банковской карты.

- Если вы получили СМС или ММС сообщение со ссылкой на скачивание открытки, музыки, картинки или программы, в данном случае вы рискуете загрузить программное обеспечение, содержащее вирусы, способные управлять Вашим мобильным банком дистанционно, т.е. перечислять имеющиеся на банковской карте деньги на счета злоумышленников.

- Для получения кредита в сети интернет не стоит прибегать через сайт по подобию сайтов кредитных организаций к предлагаемым ими услугам малоизвестных банков (Московский социальный банк, Союз кредит и т.д.)., потому что к услугам указанных банков в основном обращаются граждане, получившие отказ по получению кредита в банках (Сбербанк, Альфа Банк, Россельхоз), после оформления документов на получение кредита, в течении суток гражданину поступает телефонный звонок от «представителей» банка с прекрасной новостью, что запрашиваемый кредит им одобрен, однако с оговоркой что для получения денежных средств гражданину необходимо перечислить денежные средства для страховых случаев, для оплаты курьерской доставки и т.д., тем самым получая от гражданина денежные средства, после перечисления хотя бы одной суммы мошенники начинают психологически действовать на потенциальных жертв, указывая, что если они не перечислят еще один взнос, то они не смогут выдать им денежные средства, от безвыходности и не желании терять уже перечисленные денежные средства граждане верят мошенникам и продолжают вестись на поводу.

Запомните!!!! Не существует такого кредита, где с целью получения денежных средств нужно самому оплатить банковские взносы.

Будьте бдительны! Не дайте себя обмануть!

**Ст. следователь СГ отдела МВД России**
**по Ботлихскому району**
**майор юстиции**
**Д.О. Далгатов**

# Болъихъ росу

**(фоторепортаж)**



***Нижер фотокорреспондент МуртазагIалиев Шамилица рагъулеб буго: «Таварихалъул тIанчал регулаго» абураб цIияб рубрика. ХIисабалде босун буго районалъул щибаб росдал тарих суртаздалъун ва щварал баяназдалъун «Гьудуллъи» газеталъул гьурмазда лъезе.***
***Жиде-жидер росдал хIакъалъулъ баянал кьезе бокьарал, таварих, умумул хириял унго-унгоял ирсилаз бухьен кквезе бегьула нижер фотокорреспондентасулгун ва редакциялъулгун ва гIахьаллъи гьабизе бегьула умумузул гIадатги, цIарги цIунун хутIиялъе ва наслабазухъе кьеялъулъ гьабулеб гьеб лъикIаб ишалъулъ.***
***Жакъа нужеда цебе лъела Болъихъ росдал сонисел ва жакъасел суратал ва росдал цIар бижиялъул хIакъалъулъ ругел биценал.***



**Биценалда рекъон, Болъихъ абураб цIар** бижун буго гьадинан.

«Бо»-аскар, «Лъалхъи»-лъалхъине (остановка), ай Болъихъ-бо лъалхъана. Гьеб цIаралъе бичIчIи кьолеб буго мугIрузул Дагъистаналдаса Гуржиялъе гьужум гьабизе унеб бо лъалхъунеб букIанин



абун. Гуржиязул таварихалъулъ гьелъие щун буго гьадинаб цIар «Лекианобы».

Буго цоги бицен. Балъхъадерил умумузул бичIчIиялда рекъон, Болъихъ цIар бижиялъе ккараб аслияб гIилла буго гьезул рахьдал мацIалда



«Байлъи» абураб рагIул магIна рагIаллъуда (на краю) абураб букIин.

ХIакъикъаталдаги, умумузул заманалда росу гIуцIун букIана кьурул рагIаллъуда.



Жакъа къоялдаги цIунун руго рукъзабазул къадал «гъадаро» ралъдал рагIаллъабазда, "ЦIагъуна" **авалалда дандбитIун**.

Буго лъабабилеб биценги.

КIаратIасезул мацIалда «болъо» абураб рагIул магIна буго «Ступенька». Гьезул, ай кIаралазул



биценалда рекъон, цебе заманалда андо-цезазул (ГIандал гуро) рахъалъа гьеб росулъе тIаде рахун ине кколел рукIун руго болъабаздаса рахунел кинигин.

Лъабабго бицен мустахIикъаб буго божиялъе,




щайгурого росдал сураталда дандрекъон кколеб букIиналъ. Амма тарихалъул гIалимзабаз тIоцебесеб бицен битIараблъун ва кьучIаблъун бихьизабулеб буго.

## Зулумхан СагIидов



Райадминистрациялъул бетIер Руслан ХIамзатовас, депутатазул Собраниялъ, лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз, «Гьудуллъи» казияталъул ва районалъул телевидениялъул коллективаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго РикIвани гьоркьохьеб школалъул директор Зулумхан СагIидов къадаралде щвеялда бан гьесул васазда, вацазда ва кинабго гIагарлъи-божаразда.
Зулумхан гьавуна 1955 соналъул 4 июлалда РикIвани росулъ. Муни росдал школалда гьоркьохьеб лъайги щун гьев цIализе ана Дагъистаналъул пачалихъияб пединститутталде ва 1983 соналъ гьебги лъугIун хIалтIизе вачIана гIагараб росдал школалде химиялъулгун биологиялъул мугIалимлъун. Гьоркьоб, къокъабго заманаялъ, гьабуна росдал колхозалъе председательлъи. ЦIидасанго тIад вуссана школалде ва 2011 соналъ гьесда тIадкъана РикIвани школалъул директорлъи.
Иман бугев, гIадамазулгун гIамал рекъезабизе лъалев инсан вукIана гьев. Ккаралъуб рекъел-маслихIаталъулъги, къварилъи-гIатIилъиялъулъги кидаго цебесеб кьерда ватулаан гьев мунагьал чураяв ва къанагIатги букIунароан росулъ гьес гIахьаллъи гьабичIеб жамгIияб ишги. Гьоболлъи-гьудуллъи хирияв, унел-рачIунезе даимго жиндир рукъалъул нуцIа рагьарав гIажаибго сахаватав чиги вукIана гьев.
Гьес гьарурал киналго лъикIал гIамалал жиндие алжан насиблъиялъе сабаблъун гьареги Аллагьас.
Нахъе ругезе щулияб иманги сабруги кьеги ТIадегIанас. Амин!

**«Гьудуллъи» газета гIуцIарал:**
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**
Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru
**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**
***А. Агъларов***
**Мухбирзаби:**
ГI.МухIамадова
П.Дибирова
З.КъурамухIамадова
М.МухIамадова
ХIасанхIажиев. ХI
**Фотокорреспондент**
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев
**Корректор**
П.МухIамадова

**Дизайнер**
С. Камилова
**Наборщица**
П. Эльдарова

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**
**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**
**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**
**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -400 Индекс-51349**

*Заказ №* _____